# Адыгэ макъ

№ 150 (19915)

2011-рэ илъэс

ГЪУБДЖ

ШЫШЪХЬЭIУМ и 2

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет


# АР-м и ЛIышъхьэ иIофшIэн ригъэжьэжьыгъ

Аужырэ уахътэхэм АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан ипсауныгъэ щигъэпытэу Германием щыIагъ. БлэкIыгъэ шэмбэтым, бэдзэогъум и 30-м, ар къэкIожьыгъ. Краснодар аэропортым Адыгеим и ЛIышъхьэ щыпэгъокIыгъэх Правительствэм хэтхэр, депутатхэр, муниципальнэ образованиехэм, къулыкъу ыкIи ведомствэ зэфэшъхьафхэм япащэхэр, икъоджэгъухэр, нэмыкIыбэхэр.

ТхьакIущынэ Аслъан республикэм пэчыжьагъэ нахь мышIэми, Iофхэр ащ зэрэщылъыкIуатэхэрэм сыдигъокIи зэращыгъозагъэр гущыIэгъу тызыфэхъум къыхигъэщыгъ.

— Республикэм сыдэкIыным ыпэкIэ шIэгъэн фаеу дгъэнэфэгъэгъэ пстэури зэшIохыгъэ хъугъэ, — къыIуагъ ащ. — ТапэкIэ джыри Iофыгъохэр мымакIэу щыIэхэшъ, зэшIотхынхэу тыхьазыр, илъэсым ыкIэ хэхъоныгъэхэмкIэ тызэрекIолIэщтым тыпылъыщт.

Iофхэм язытет зэрэщыгъуазэм ишыхьатэу мэкъумэщ хъызмэтым, социальнэ ыкIи нэмыкI лъэныкъохэмкIэ зэшIохыгъэ хъугъэхэм еплъыкIэу афыриIэм кIэкIэу къытегущыIэзэ, ом зэрарэу къыхьыгъэр мымакIэ нахь мышIэми, лэжьыгъэ бэгъуагъэ зэрэIуахыжьырэр узыгъэгушIон ыкIи узыщыгушхукIын хъугъэшIагъэу зэрилъытэрэр къыхигъэщыгъ.

Мы мэфэ дэдэм ТхьакIущынэ Аслъан иIофшIэн ригъэжьэжьыгъ.

*(Тикорр.).*



*Сурэтыр А. Гусевым къытырихыгъ.*

# ЗэIукIэгъу дыриIагъ

**КъыкIэлъыкIорэ тхьаумэфэ мафэм ТхьакIущынэ Аслъан УФ-м и Президент и Полномочнэ ЛIыкIоу Кыблэ федеральнэ шъолъырым щыIэм игуадзэу Владимир Жуковым зэIукIэгъу дыриIагъ. Социальнэ ыкIи экономикэ хэхъоныгъэхэм, мэкъумэщ хъызмэтым, инвестициехэмкIэ политикэм, IофшIапIэ зимыIэхэм япчъагъэ игумэкIыгъохэм, лэжьапкIэхэм, нэмыкIхэм ахэр атегущыIагъэх.**

ТхьакIущынэ Аслъан ипсауныгъэ зэтеуцожьи, иIофшIэн зэрэригъэжьэжьыгъэм пае Владимир Жуковыр къыфэгушIуагъ, гъэхъагъэхэр иIэхэу ащ иIофшIэн лъигъэкIотэнэу, зэкIэ республикэм щыпсэурэ пстэуми мамырныгъэ ашъхьагъ итынэу, хэхъоныгъэхэр яIэнхэу къэлъэIуагъ. УФ-м и Президент иприемнэ цIыфхэр зэрэригъэблэгъагъэхэм къытегущыIэзэ, нахьыпэкIэ къызкIэлъэIугъагъэхэр гъэцэкIагъэ зэрэхъухэрэми зэрэлъыплъагъэр къыIуагъ. Ащ къызэрэщигъэгъозагъэмкIэ, станицэу Ханскэм дэт еджапIэм щагъэпсырэ спортивнэ площадкэр Iоныгъом и 1-м къызэIуахынэу хьазыр хъущт, Мыекъопэ районымкIэ поселкэу ХъымыщкIэй щагъэуцурэ фельдшерскэ-акушерскэ пунктыр чъэпыогъум аухынышъ, атын гухэлъ яI. Iофыгъо шъхьаIэу Владимир Жуковым къыхигъэщыгъэхэм ащыщ IофшIапIэ зимыIэу республикэм исым ипчъагъэ зэрэмымакIэр, лэжьапкIэхэмкIэ чIыфэхэр щыIэ зэрэхъугъэр.

Ащ иджэуапэу лэжьапкIэхэр республикэм зэрэщымакIэхэр, гурытымкIэ лъытагъэу мин 12 — 13 нахьыбэ зэрэмыхъурэр, ащ IофшIэпIэ щымыIэри къызэрэхэкIырэр Адыгеим и ЛIышъхьэ къыIуагъ. Экономикэр зэрэщытэу зыпкъ имыгъэуцомэ, а зэкIэри зэшIохыгъэ зэрэмыхъущтыр къыдалъытэзэ, илъэситфым къыкIоцI ащ зэрэдлэжьэщтхэр къыкIигъэтхыгъ. Анахь шъхьаIэу анаIэ зытырагъэтыхэрэм къатегущыIэзэ, туристическэ кластерым игъэпсынкIэ, псауныгъэм икъэухъумэн ылъэныкъокIэ, инфраструктурэр нахьышIу хъунымкIэ, нэмыкI лъэныкъохэмкIэ зэшIуахыгъэхэр кIэкIэу къыIотагъ.

Лъэныкъо пстэумкIи федеральнэ хэбзэ органхэми, УФ-м и Президент и Полномочнэ ЛIыкIо иаппарати, ащ ипащэу Владимир Устиновым ежь ышъхьэкIи лъэшэу къызэрадеIэхэрэм фэшI зэрафэразэхэри республикэм ипащэ ипсалъэ къыщыхигъэщыгъ.

*ХЪУТ Нэфсэт.*

# Iофхэм язытет зыфэдэм зыщигъэгъозагъ

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан АР-м иминистрэхэм я Кабинет хэтхэм тыгъуасэ аIукIагъ. Непэрэ мафэхэм яхъулIэу республикэм исоциальнэ-экономическэ зытет зыфэдэм, щыкIагъэу, гумэкIыгъоу щыIэхэм, нэмыкI лъэныкъохэми пащэм защигъэгъозагъ.**

АР-м и Премьер-министрэ игуадзэу Алексей Петрусенкэм къызэрэхигъэщыгъэмкIэ, IофшIэпIэ чIыпIэ зимыIэу Адыгеим щыпсэухэрэм япчъагъэ проценти 2 мэхъу. 2011-рэ илъэсым ыкIэм нэс а пчъагъэр процент 1,8-м нэс къырагъэIыхынэу пшъэрылъ зыфагъэуцужьы. ЛэжьапкIэм итынкIэ республикэм чIыфэу телъыр сомэ миллион 1,8-м кIэхьэ. Ау шышъхьэIум и 5-м ехъулIэу а гумэкIыгъор дагъэзыжьыгъэ хъущт. Псыкъиуным къыздихьыгъэ тхьамыкIагъом идэгъэзыжьынкIэ министерствэ, къулыкъу ыкIи ведомствэ зэфэшъхьафхэм Iофышхо зэрашIагъэр А.Петрусенкэм къыIуагъ. ЗипсэупIэ чIэзынэгъэ унэгъо 97-мэ къатефэрэ сертификатхэр аратыщтых, унакIэхэм яшIын е ящэфын пэIухьащт сомэ миллиони 168-р федеральнэ гупчэм къытIупщынэу ежэх. Республикэм унашъоу ышIыгъэм диштэу, зэтыгъо ахъщэ IэпыIэгъур псэр зыкIэогъэ цIыфхэм аратыгъах.

АР-м псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ иминистрэу Нэтхъо Разыет анахьэу ынаIэ зытыридзагъэр псауныгъэр къэухъумэгъэным исистемэ непэ зэхъокIыныгъэу щыкIохэрэм Адыгеир зэрафэхьазырыр, ащкIэ федеральнэ ыкIи республикэ программэхэр гъэцэкIагъэ зэрэхъухэрэр арых. Планэу агъэнэфагъэм диштэу, республикэм къыIэкIэхьэн фэе ахъщэр мазэ къэс къыIокIэ. Ащ ишIуагъэкIэ сымэджэщхэм гъэцэкIэжьынхэр арашIылIэх, ящыкIэгъэ оборудованиер, Iэмэ-псымэхэр къафащэфых. ГумэкIыгъо шъхьаIэу министрэм къыгъэнэфагъэхэм ащыщ Iэзэгъу уцхэр сымэджэщхэм икъу фэдизэу къызэраIэкIэмыхьэрэр, ащ къыхэкIыкIэ сымаджэхэм ежь-ежьырэу ахэр ащэфынхэ фаеу зэрэхъурэр. АР-м иминистрэхэм я Кабинет унашъоу ышIыгъэм ишIуагъэкIэ мы лъэныкъом пэIуагъэхьанэу сомэ миллион 28-рэ (ахъщэ тедзэу) министерствэм фатIупщыгъ. Модернизацием ипрограммэ игъэцэкIэн Адыгеим зэрэщызэхащагъэм унгъэрэзэнэу зэрэщытыр, шIокI имыIэу къатефэрэр зэрэзэIуахырэр Нэтхъо Разыет кIэухым къыхигъэщыгъ.

ЗипсауныгъэзэщыкъогъэцIыфыр сымэджэщым къызэеуалIэкIэ, ащ ищыкIэгъэ уцхэр зэкIэри ыпкIэ хэмылъэу къыIэкIэхьаным медицинэм иучреждениехэм анаIэ тырагъэтыныр ыкIи мы лъэныкъомкIэ АР-м псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ иIофшIэн ыгъэлъэшыныр пшъэрылъ шъхьаIэхэу мыщ дэжьым ТхьакIущынэ Аслъан къыгъэнэфагъэх.

Адыгеим ибюджет мэзиблым къыкIоцI гъэцэкIагъэ зэрэхъугъэм, лэжьыгъэм иIухыжьын зэрэлъыкIуатэрэм, инвестициехэм алъэныкъокIэ Iофхэм язытет зыфэдэм, федеральнэ ыкIи республикэ программэхэм къадыхэлъытагъэу Адыгеим щашIырэ псэуалъэхэр зынагъэсыгъэхэм, Шъачэ щыкIощт экономическэ форумым зэрэхэлэжьэщтхэм, нэмыкI Iофыгъохэри зэшIохыгъэ хъунхэмкIэ амалэу щыIэхэм ТхьакIущынэ Аслъан защигъэгъозагъ. Министрэхэм джэуапэу къатыжьыгъэхэм ялъытыгъэу, тапэкIэ анахьэу анаIэ зытырагъэтын фэе лъэныкъохэм АР-м и ЛIышъхьэ къащыуцугъ. ЦIыфхэм ящыIэкIэ-псэукIэ нахьышIу шIыгъэныр, ащкIэ агъэнэфэгъэ пстэури щыIэныгъэм щыпхырыщыгъэнхэр къэзэрэугъоигъэхэм япшъэрылъ шъхьаIэу зэрэщытыр агу къыгъэкIыжьыгъ. Гъэхъагъэу щыIэхэм адакIоу, гумэкIыгъоу, щыкIагъэу щыIэхэр дэгъэзыжьыгъэнхэр, республикэм иэкономикэ хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэр анахь мэхьанэшхо зиIэ лъэныкъохэу пащэм къыгъэнэфагъэх. АщкIэ пшъэдэкIыжь зыхьырэ пстэуми яIофшIэн зэрэзэхащэрэм зэралъыплъэщтхэр, зэфэхьысыжь тэрэзхэр зымышIыхэрэм пытагъэ хэлъэу зэрадэзекIощтхэр ТхьакIущынэ Аслъан икIэухым къыхигъэунэфыкIыгъэх.

*ТХЬАРКЪОХЪО Адам.*



Сурэтыр А. Гусевым къытырихыгъ.

# Президентыр аIукIагъ

АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан АР-м и Прокурор шъхьаIэу Сергей Охлопковымрэ АР-м хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ ипащэу Александр Речицкэмрэ ригъэблэгъагъэх. Iофыгъо зэфэшъхьафхэм ахэр атегущыIагъэх.

Полициемрэ зэхъокIыныгъэхэмрэ

# Аттестациер аухыгъ



**Адыгэ Республикэм хэгъэгу кIоцI IофхэмкIэ и Министерствэ тыгъуасэ зэхищэгъэ пресс-конференцием зыфэгъэхьыгъагъэр кулыкъушIэхэм икIэрыкIэу акIужьыгъэ аттестацием зэфэхьысыжьэу фэхъугъэхэр арых. КъулыкъушIэхэм Iоф адэшIэгъэнымкIэ гъэIорышIапIэмрэ аттестационнэ комиссиемрэ япащэу Александр Ермиловым ар зэрищагъ.**

Iофэу ашIагъэм, тапэкIэ анаIэ зытырагъэтыщтхэм пэублэм Александр Ермиловыр къащыуцугъ. Урысые Федерацием и Президентэу Дмитрий Медведевым унашъоу ышIыгъэм диштэу МВД-м исистемэ хэт къулыкъушIэхэм икIэрыкIэу аттестацие акIужьыгъ. Ахэм ухьазырыныгъэу аIэкIэлъым уасэ афашIыгъ ыкIи альыпльагъэх ветеран ыкIи Общественнэ советхэм ялIыкIохэр, ФСБ-м иIофышIэхэр. ЗэкIэмкIи аттестационнэ комиссием зэхэсыгъо 53-рэ зэхищагъ. Нэбгыри 146-мэ аттестацие акIужьышъугъэп. АпэрапшIэу уголовнэ Iоф къызыпагъэтэджэгъэ кулыкъушIэхэр арых ахэм ахэхьагъэхэр. Бэдзэогъум и 28-м УФ-м и МВД ипащэу Нургалиев Рэщыдэ зэфэхьысыжьхэм ащагъэгъозагъ. Джыдэдэм МВД-м исистемэ Iоф щызышIэн зыльэкIыщт профессионалхэр къыхахынхэр япшъэрылъ шъхьаI. КъулыкъушIэхэм физическэ ухьазырыныгъэу яIэр шапхъэхэм адиштэныр, полицием имэхьанэ къызэрагурыIорэр гъэунэфыгъэныр, япсихологие илъэс тет зыфэдэр, нэмыкI лъэныкъохэри къыдалъытэх.

Полицием иIофышIэхэм ящыIэкIэ-псэукIэ нахьышIу шIыгъэным, ахэр социальнэу къэухъумэгъэнхэм апае УФ-м и Президент унэшъо гъэнэфагъэ ышIыгъ. Ащ къызэрэдилъытэрэмкIэ, 2012-рэ илъэсым ищылэ мазэ къыщегъэжьагъэу правэухъумэкIо органхэм ялэжьапкIэ къаIэтыщт.

Кадрэхэр гъэхьазырыгъэнхэм фэшI республикэм ит апшъэрэ еджапIэхэм Iоф адашIэмэ шIуагъэ къытынэу щэгугъых. АщкIэ анахьэу анаIэ зытырагъэтыщт лъэныкъохэр агъэнафэх.

Нэужым республикэм ижурналистхэм упчIэу къатыгъэхэм Александр Ермиловым игъэкIотыгъэ джэуапхэр къаритыжьыгъэх.

*ДАУТЭ Анжел.*

*Сурэтыр Iэшъынэ Аслъан къытырихыгъ.*

ТизэIукIэгъухэр

# Сабый къызыфэхъугъэмэ афэгушIуагъ

**Косовэ къикIыжьыгъэ тилъэпкъэгъухэу Мэфэхьаблэ щыпсэурэмэ ящыIэкIэ-псэукIэ Адыгэ Республикэм и Парламент инэплъэгъу ит. Къуаджэм игущыIагъо дегощы, щыкIагъэхэм ядэгъэзыжьын фэгъэхьыгъэ Iофыгъохэри зэрехьэх.**

Адыгэ Республикэм и Парламент и Тхьаматэу Федор Федорко блыпэм Мэфэхьаблэ щыIагъ, сабый къызыфэхъугъэ унагъомэ адэгущыIагъ, шIухьафтынхэр афишIыгъэх. Цэй Искандер унагъом ибысым. Ащ ыкъоу Бинас илъэс 15-м итэу хэкум къэкIожьыгъагъ. Уахътэр псынкIэу кIуагъэу Цэйхэм къащэхъу.

Цэй Бинас медицинэ сэнэхьатыр зэригъэгъотыгъ, врачэу Краснодар Iоф щешIэ. Бинасрэ ащ ишъхьэгъусэу Саидэрэ апэрэ сабыеу къафэхъугъэм Алискер фаусыгъ.

— Адыгеим иапэрэ Президентэу Джарымэ Аслъан иIэнатIэ Iутэу Мэфэхьаблэ дэсхэм хэкум къызэрагъэзэжьыгъагъэр, къуаджэм унэхэр, мэщытыр зэрэдашIыхьагъэхэр дэгъоу къэсэшIэжьых, — къыIуагъ Федор Федорко. — Чъыг шхъуантIэхэр, къэгъагъэхэр сэлъэгъух. Къуаджэр щыI, лъэкIуатэ, сабыйхэр щапIух. Мэфэхьаблэ инеущрэ мафэ нахьышIу зэрэхъущтым тицыхьэ телъ.

Цэйхэм хьакIэхэр рагъэблэгъагъэх, ящыIакIэ зэхъокIыныгъэшIоу фэхъухэрэр къаIотагъэх.

Парламентым и Тхьаматэу Федор Федорко Мэфэхьаблэ дэсхэм ягумэкIыгъохэм акIэупчIагъ. ЦIыфхэр зашъохэрэ псым изытет уигъэрэзэнэу щытэп. ЗэIукIэгъум хэлэжьагъэх хэкум къэзыгъэзэжьыхэрэр хэгъэгъозэгъэнхэм пылъ республикэ къэралыгъо IофшIапIэм ипащэу ГъукIэлI Асхьад, хэкум къэзыгъэзэжьырэмэ IэпыIэгъу афэхъурэ Унэм (ДАР-м) ипащэу СтIашъу Яхьер, Мэфэхьаблэ иадминистраторэу Жьэу Мыхьамэт, нэмыкIхэри. Мэфэхьаблэ апэу къэкIожьыгъагъэхэм апае унэхэр щашIыгъэх, ау джырэ нэс унитIумэ яшIын аухын альэкIыгъэп. Парламентым и Тхьаматэ унэхэм яплъыгъ, псэу зашъохэрэм изытети зэригъэшIагъ. ЩыкIагъэхэм ядэгъэзыжьын зэрэпылъыщтыр къыIуагъ.

Къуаджэм дахэу зызэриушъомбгъурэр, хьакIэщ, административнэ унэ, кIэлэцIыкIу джэгупIэхэр, спорт псэуальэхэр щашIынхэм зэрэпылъхэр, ахъщэ ащ хэзыльхьащтхэр зэрэщыIэхэр Жьэу Мыхьамэт, СтIашъу Яхьем, ГъукIэлI Асхьадэ къаIотагъ.

Сурэтым итыр: **Парламентым и Тхьаматэ Цэйхэм ящагу щыкIогъэ зэIукIэм хэлажьэ.**



# Тэрэззэу зыбгъэпсэфышъуни фае

РИА «Новости» зыфиIорэм ижурналистхэм зэхащэгъэгъэ пресс-конференцием Урысыем псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэмкIэ и Министерствэ испециалист шъхьаIэу, психиатрэу Зураб Кекелидзе зыгъэпсэфыгъо лъэхъаныр зэрэбгъэкIон фаем къыщытегущыIагъ. «Гъэмэфэ мазэхэр зэрэфабэхэзэ, — къыIуагъ ащ, — етIани тиотпуск къыблэм щыдгъэкIоным тыпыль. Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо мафэхэр Подмосковьем е «гурыт шъолъыр» зыфаIохэрэм ащыбгъэкIомэ нахьышIу. Отпускым гъатхэм е бжыхьэм тебгъафэмэ, гъэмафэр нахь «лъыогъэкIуатэ». Дэгъу дэдэр зыгъэпсэфыгъо уахътэу IофшIапIэм къыщыуатырэр тIоу бгощын плъэкIымэ ары».

Специалистым ынаIэ зытыригъэтыгъэхэм ащыщ IэкIыб хэгъэгу зыщыбгъэпсэфынэу укIон угу хэльымэ, тэ тикъэралыгъо тызэрэщыпсэурэ уахътэм, «часовой пояс» зыфаIорэм бэкIэ темыкIырэ чIыпIэ къыхэпхымэ зэрэнахьышIур. Сыда пIомэ чIыпIэм «ичасовой пояс» пкъышъолыр есэным мэфи 3 — 4 ехьы. Къэралыгъо чыжьэ укIоныр имыщыкIагъэу специалистым ылъытэрэп, ау зыгъэпсэфыгъом иапэрэ ыкIи иаужырэ мэфэ зытIущыр акклиматизацием «зэриштэщтыр» зыщыбгъэгъупшэ зэрэмыхъущтыр къыхегъэщы.

Чэщ-зымафэм къыхиубытэрэ уахътэри тэрэззэу бгощын зэрэфаем психиатрэр къыщыуцугъ. «КъыкIэлъыкIощт мафэм уфэхьазырыным пае чэщзымафэм къыкIоцI сыхьати 8-м зыбгъэпсэфын фаеу специалистхэм алъытэ, — къыIуагъ ащ. — Бэмэ сыхьати 8-рэ учъыеныр бащэу алъытэ, ау ар тэрэззэп. Пкъышъолым хэлъ кIуачIэр зыпкъ иуцожьыным охътэ гъэнэфагъэ ищыкIагъ, сыхьати 5 — 6-р ащкIэ мэкIаIо. IофшIэгъу уахътэри сыхьати 8-м емыхъумэ нахьышIу».

Отпускым сыдэущтэу «укъыхэкIыжьын» фаем? Мы упчIэм иджэуапэу З. Кекелидзе къыIуагъ: отпускым иаужырэ мафэ дэгъоу зыбгъэпсэфын фае нахь, зызэрэбгъэтхъэщтым, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, дэгъоу узэрэшхэщтым ыкIи узэрешъощтым ебгъэхьынэу щытэп. Джащыгъум IофшIэныр ебгъэжьэжьыныр нахь IэшIэх къыпфэхъущт.

*(Тикорр.).*

ЗыкIыныгъэм екIурэ гъогу


Концертыр рамыгъажьэзэ КIэрмыт Мухьдин ныбжьыкIэмэ адэгущыIэ.


«Нэфыр» къэшъо.

# «НЭФЫМ» тызэхещэ




АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатэу КIэрмыт Мухьдин зэхищэгъэ кIэлэцIыкIу къэшъокIо купэу «Нэфыр» Тыркуем къикIыжьыгъ. Къэшъуаклохэр IэкIыб хэгъэгум тхьамэфитIурэ къэтыгъэх, пчыхьэзэхэхьэ гъэшIэгъонхэм ахэлэжьагъэх, гъогогъу пчъагъэрэ концертхэр къатыгъэх, тилъэпкъэгъухэм нэIуасэ афэхъугъэх. Апэрэ тхьамафэм купым хэтхэр къалэу Бурсэ щыIагъэх, ащ къыпэIулъ адыгэ къуаджэхэм адэхьагъэх, ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэр якъашъохэм арагъэплъыгъэх, гущыIэгъу ащыфэхъугъэх. Бурсэ пэмычыжьэу щыт къалэу Яловэ щыкIогъэ фестивалышхом «Нэфыр» тIогъогогъо хэлэжьагъ, анахь къэшъо дахэу иIэхэр къыщишIыгъэх.

Купым хэтыгъэх кIэлэцIыкIу къэшъокIо ансамблэм ихудожественнэ пащэу, балетмейстерэу Иныхъу Инвер, ихореографэу СтIашъу Сафыет, гуманитар ушэтынхэмкIэ АР-м иинститут ипащэу, шIэныгъэлэжьэу Бырсыр Батырбый, пщынэо IэпэIасэхэу Гъуашэ Хъалидэрэ Лъэцэрыкъо Бислъанрэ, доулистэу Шэуджэн Тимур, Адыгэкъалэ щыIэ Адыгэ Хасэм ипащэу, шыкIэпщынаоу ыкIи орэдыIоу Абыдэ Хьисэрэ ащ икIалэу, шыкIэпщынаоу Артуррэ, АР-м изаслуженнэ артистэу Кушъэкъо Симэ, Адыгэ къэралыгъо телерадиокомитетым иIофышIэу, зэлъашIэрэ журналистэу ТIэшъу Светланэ, операторэу ЯхъулIэ Мэдинэ, «Шапсыгъ» зыфиIорэ гъэзетым иредактор шъхьаIэу Ныбэ Анзор.

Апэрэ тхьамафэм купым изещэн, Iофтхьэбзэ зэфэшъхьафхэм ярегъэкIокIын чанэу дэлэжьагъэх Стамбул дэт Адыгэ Хасэм ипащэу Нэгъой Яшаррэ ащ ишъхьэгъусэу Светланэрэ, къалэу Бурсэ къыпэIулъ псэупIэу Османгази имэрэу Мустафа Дундар, шIэныгъэлэжьэу Шариф Бириндж, кавказ лъэпкъхэм якультурэ Хасэ ипащэхэу Филиз Челик ыкIи Несрин Шенер.

ЯтIонэрэ тхьамафэр къалэу Измир пэмычыжьэу щыт адыгэ къуаджэу Илькуршун купым щигъэкIуагъ. «Нэфым» хэтхэмрэ ащ игъусэхэмрэ унагъохэм атырагуащэхи, ахэм яхьэкIагъэх. Мыщ дэжьым къыхэгъэщыгъэн фае мы адыгэ къуаджэм ящэнэрэу «Нэфыр» зэрэдахьэрэр, купым хэтхэмрэ ащ щыпсэухэрэмрэ азыфагу гуфэбэгъэ-ныбджэгъуныгъэ пытэ илъы зэрэхъугъэр. Илькуршун зэрагъашIэ ашIоигъоу къулайныгъэшхо къазэрэхэфагъэр къыкIэзгъэтхъы сшIоигъошъ ары.

«Сыд фэдэрэ мылъкуи ыпэу къэсштэн слъэгъугъэмрэ сшIагъэмрэ, тилъэпкъэгъухэм ящыIакIэ сигъэрэзагъ», — къытиIуагъ Нэтхъо Хъалидэ.

КIэлэцIыкIу къэшъокIо ансамблэу «Нэфымрэ» ащ гъусэ фэхъугъэхэмрэ Тыркуем изыщагъэхэр, тилъэпкъэгъухэм аIузгъэкIагъэхэр КIэрмыт Мухьдин ары. Тигъэзетеджэхэр дэгъоу щыгъуазэх мы адыгэлIым лъэпкъым пае гупыкI ин иIэу зэрэщытыр, зыкIыныгъэм игъогу адыгэхэр тещэжьыгъэнхэм чанэу зэрэпылъыр, ткъошхэр зыщыпсэухэрэ хэгъэгу пчъагъэхэр зэрэзэхищэхэрэр. Мыгъэ Мухьдин кIэу мы IофышIум къыхигъэхьагъэхэм ащыщ АдыгеимкIэ поселкэу Инэм ТыркуемкIэ къуаджэхэу Илькуршун, Арикбаши, Пчэныщэ ыкIи Израиль ит къуаджэу Рихьаные яфутбол командэхэр зэрэзэIуигъэкIагъэхэр, ныбджэгъуныгъэ зыхэлъ ешIэгъухэр зэрэзэхищагъэхэр. А Iофтхьабзэри Мухьдин дэгъоу къыдэхъугъ, футбол дэкIыхэзэ купым хэтхэр къуаджэхэу Арикбаширэ Пчэныщэмрэ ащыIагъэх, концертхэр къащатыгъэх, чэщ-зымэфэ зырызрэ ахэм яхьэкIагъэх. ЯтIонэрэ тхьамафэм купым къыхэхьажьыгъагъэх Адыгеим къикIыгъэхэу, Инэм дин хасэм хэтхэу илъэс 67-рэ зыныбжь КIэрмыт Мосэрэ илъэс 83-рэ зыныбжь Нэтхъо Хъалидэрэ, поселкэу Инэм иадминистрацие ипащэу Хъоткъо Хъызыр, футбол ешIэщт купыр. ЗэкIэмкIи нэбгырэ шъэныкъорэ блырэ Илькуршун тхьамафэрэ щыIагъэх.

Дин хасэм хэтхэу Тыркуем кIуагъэхэм анибжь къызкIыхэзгъэщырэр къагъэшIагъэм емылъытыгъэу тилъэпкъэгъухэм ахахьэхэ, ящыIэкIэ-псэукIэ ешIэгъухэм хэгъэгу зэфэшъхьафхэм ащыпсэурэ адыгэхэр зэныбджэгъу зэфишIыгъэх, телефон номерхэмкIэ, интернет адресхэмкIэ зэкIэри зэхъожьыгъэх.

Илькуршун щыпсэухэрэ нахьыжъхэм адыгабзэр дэгъу дэдэу ашIэ, ау яныбжьыкIэхэм ашIокIодыжьэу ригъэжьагъ. А гумэкIыгъор дэгъэзыжьыгъэным КIэрмыт Мухьдинэ дэлажьэ, Адыгеим щыщэу кIэлэегъэджэ IэпэIасэу Батмэн Светэ зэзэгъыныгъэ дишIыгъэу гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо уахътэхэр окIофэхэ Илькуршун икIэлэцIыкIухэм адыгабзэр аригъэшIэнэу ыгъэкIуагъ. Ащ шIогъэ ин къызэритырэр Илькуршун нэрылъэгъу къыщыхъугъ. Светэ ипшъашъэу Зэйнаб «Нэфым» илъэсихырэ хэтыгъ, къэшъокIэ дахэхэр ешIэх. Джы янэ игъусэу Тыркуем щыI, ныбжьыкIэмэ адыгэ къэшъуакIэ арегъашIэ.

Илькуршун щыщэу, Стамбул очылэу щыпсэурэ Нэтхъо Джэхьфар ары ятIонэрэ тхьамафэм ипрограммэ ирегъэкIокIын икIэщэкIуагъэр. А Iофыр Джэхьфар чанэу зэрэзэшIуихырэр мызэу-мытIоу нафэ тфэхъугъ. Ащ игупшысэгъухэу, лъэпкъ Iофым зыпсэ хэзылъхьэхэу Мышъэ Махьмуд, Тхьагъушъэ Эммин, Лъэпшъыкъо Левент, ТIэшъу Муанир ыкIи нэмыкIыбэхэр игъусагъэх.

ЗэдэгущыIэгъу пчыхьэзэхахьэхэр, концертхэр, къуаджэхэр къэкIухьэгъэнхэр — а зэкIэри программэу къагъэхьазырыгъэм хэтыгъэх, ау ащ дакIоу ини цIыкIуи зэгъусэхэу яхтэкIэ Эгей хым тыращагъэх, зарагъэгъэпсэфыгъ, зарагъэгъэпскIыгъ, шхэпIэ анахь дэгъухэм ачIащагъэх, зэрагъэтхъэщтхэм пылъыгъэх. Ар яIокIэ-шIыкIэхэмкIи къэлъэгъуагъ, анэгухэми къакIэщыщтыгъ. ШъыпкъэмкIэ, нэбгырэ мымакIэ зыхэхьэрэ купым дэхэ дэдэу къыфыщытыгъэх.

Апэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу аужырэм нэс «Нэфыр» Тыркуем зэрэщыIагъэм фэгъэхьыгъэ тхыгъэхэр нахь игъэкIотыгъэу тигъэзет къыхиутыщтых.

***ДЭРБЭ Тимур.***

Мыекъуапэ — Тыркуер — Мыекъуапэ.

*Сурэтхэр авторымрэ Ныбэ Анзоррэ тырахыгъэх.*


Мышъэ Махьмудрэ Нэтхъо Джэхьфаррэ.


Инэм ифутбол командэу «Черкес» апэрэ чIыпIэр къыдихыгъ.

**ТиIофшIэнкIэ джырэ нэс тызэрихьылIэнэу мыхъугъэми, игъэхъагъэхэмкIэ Адыгеим щызэлъашIэрэ псэолъэшIэу, Урысыем ипсэолъэшI гъэшIуагъэу Мыгу Хъызыр зытшIэрэр илъэсыбэ хъугъэ. Зэхищэгъэ псэолъэшI организациеу ООО-у «Новое строительство» зыфиIорэм ыкIи ащ игъусэхэу Iоф зышIэрэ обществэхэу «Оксиген» ыкIи «Новый стиль» зыфиIохэрэм а пIалъэм къыкIоцI Мыекъуапэ, республикэм ирайонхэм, тигъунэгъу къалэхэу Белореченскэм, Апшеронскэм социальнэ мэхьанэ зиIэ ыкIи зычIэсыхэрэ псэолъабэ ащашIыгъ. ПсэолъэшIыным епхыгъэ IофшIэнхэм янахьыбэр зэшIозыхын зылъэкIырэ базэ зэтегъэпсыхьагъэ ышIыгъ, организацием ищыкIэгъэ техникэмкIэ ыуIэшыгъ, нэбгыри 120-м ехъурэ цIыфхэм IофшIэн аритын ылъэкIыгъ. Ахэм игъом лэжьапкIэр ареты. ГурытымкIэ ар сомэ мин 15-м къыщыублагъэу 25-м нэзыгъэсыхэрэр ыкIи езыгъэхъухэрэр ахэтых.**

**Организациер зызэхащагъэр илъэс тIокI зэрэхъурэр мы мафэхэм хагъэунэфыкIы. Ащ ехъулIэу Хъызыр зыIудгъэкIагъ, илъэс зэкIэлъыкIохэм зипэщэ псэолъэшI организацием гъогоу къыкIугъэр, къыдэхъугъэхэр, коллективым ищыIакIэ зэрэзэхэщагъэр, псэолъэшIыным зегъэушъомбгъугъэнымкIэ ыкIи организацием иэкономикэ гъэтэрэзыгъэнымкIэ къадэхъухэрэр къытфиIотагъэх.**



# Адыгеим ибайныгъэхэм ахэзыгъахъохэрэм ясатыр

## Егъэжьэпlэ илъэсхэр

Техникумыр къыухыгъэу, илъэс заулэ монтажникэу къалэу Тольятти Iоф щишIагъэу ыкIи опыт иIэу Хъызыр Мыекъуапэ къыгъэзэжьыгъагъ. Трестэу «Адыгпромстроим» хэхьэрэ ССМУ-38-м IофшIэныр щыригъажьи, тхьамафэ нахьыбэу Iоф ымышIагъэу къыгурыIуагъ ежь зыпылъыгъэ монтаж IофшIэнхэу а псэолъэшI организацием щагъэцакIэхэрэр зэрэмыбэр. НахьыбэмкIэ монтаж IофшIэнхэм апылъыгъэр Краснодар дэт организациеу ССМУ-55-м иучасткэу Мыекъуапэ дэтыгъэр ары. Ащ ипащэ зыIуигъакIи къыфиIотагъ сэнэхьатэу хэлъыр, опытэу иIэр, я 4-рэ разряд зиIэ монтажникэу зэрэщытыр ыкIи бригадэм ипащэу Iоф ышIэн зэрилъэкIыщтыр. Игуапэу ыштагъ, IофшIэныр ригъэжьагъ. Ащ ыуж Михаил Горбачевым изэхъокIыныгъэ къежьагъ, отраслэ пстэуми афэдэу псэолъэшIыными къиныгъохэр къыфыкъокIыхэу ыублагъ. Бэ темышIэу ССМУ-55-м иучасткэ зэхагъэкIыжьыгъ, ау цIыфхэр бригадэу зэрэзэхэтыгъэхэу къэнэжьхи, трестэу «Адыгпромстроим» епхыгъэхэу IофшIэныр лъагъэкIуатэщтыгъ.

— А лъэхъаным, — къытфеIуатэ Хъызыр, — трестым хэхьэрэ заводэу СМиК-м социальнэ ыкIи культурнэ-бытовой мэхьанэ зиIэ псэуалъэхэм ахалъхьащт гъучIбетон пкъыгъохэр къызыщагъэхьазырыщтхэ цехыкIэ щашIыщтыгъ. А пкъыгъохэм ахэшIыкIыгъэу къэлэ ыкIи къоджэ еджапIэхэр, сабый IыгъыпIэхэр, поликлиникэхэр, нэмыкIхэр агъэуцущтыгъэх. ЗэхъокIыныгъэм ижьыор чIэтхэу а лъэхъаным кооперативхэри зэхащэхэу аублэгъагъ. ИщыкIэгъэ тхылъхэр дгъэхьазырхи, расчетнэ счети банкым къыщызэIутхи, 1991-рэ илъэсым бэдзэогъум соцкультбытым епхыгъэ кооператив цIыкIу трестым къыщызэIутхыгъагъ. А лъэхъаным ехъулIэу заводэу СМиК-м цехыкIэри щатIупщи, гъучIбетон пкъыгъохэм, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, панелышхохэм ахэшIыкIыгъэ псэуалъэхэр гъэуцугъэнхэм тыфежьэгъагъ.

ЗэкIэми апэу Мыекъуапэ щагъэуцугъ джы хэбзэIахь инспекциер зычIэт унэр. Ащ къыкIэлъыкIуагъэх нэмыкI объектыкIэхэр: Мыекъуапэ пэблагъэу щыс къутырэу Гавердовскэм, поселкэу Краснооктябрьскэм, станицэу Дондуковскэм, къуаджэу Джамбэчые ащашIыгъэ гурыт еджапIэхэр, къутырэу Родниковскэм щашIыгъэ сабый IыгъыпIэр, трестэу «Адыгпромстроим» ипащэу ХъутIыжъ Аслъан кIэщакIо фэхъуи къуаджэу Джэджэхьаблэ щашIыгъэ сымэджэщэу пIэкIор 25-м телъытагъэр.

## Лъэхъэнэ къинри къызэранэкIыгъ

ЗэхъокIыныгъэм шIуагъэ зыхэлъ лъэныкъо горэхэр имыIагъэхэу пIон плъэкIыщтэп. Ау бэшэрэбым къашIуикIыгъэ джынэм фэдэу къэбгъэуцун умылъэкIыщт лъэныкъохэу зэхэтэкъоным уфэзыщэхэрэри иIагъэх. ГущыIэм пае, кооператив цIыкIухэр предприятие цIыкIу шIыжьыгъэнхэр 1992—1993-рэ илъэсхэр ары къызежьэгъагъэр.

— А шIыкIакIэм тэри тыхэхьажьыгъагъ, предприятие цIыкIум ООО-у «Новое строительство» зыфиIорэ цIэр фэтыусыгъагъ, — еIо Хъызыр ащ къыкIэлъыкIогъэ лъэхъанэр къинэу зэрэщытыгъэм къытегущыIэзэ. — IофшIэн щыIагъэп, псэолъэшIыным пэIухьан мылъку хабзэм къытIупщыщтыгъэп, псэолъэшIхэр къин дэдэ хэфэгъагъэх. ТшIагъэм къыкIэкIуагъэр къытатыщтыгъэп, мэзитIу, мэзищ, мэзиплIэ цIыфхэм лэжьапкIэр яттын тлъэкIыщтыгъэп. Илъэс 36-рэ хъугъэу псэолъэшI отраслэм Iоф щысэшIэшъ, а лъэхъан къиным фэдэ тырихьылIэу къыхэкIыгъэп. ЦIыфым къыгъэхъагъэр, иунагъо зэриIыгъыщт лэжьапкIэр ептын умылъэкIыным нахь тхьамыкIагъо щыIэп.

ЧIыпIэ къин ифэгъэ цIыфыр хэкIыпIабэмэ яусэн фаеу мэхъу. Хъызыр къызэриIотагъэмкIэ, яорганизацие псэуалъэм гъучIбетоным хэшIыкIыгъэ пкъэу иIэр загъэуцухэкIэ яIофшIэн ащ щаухыщтыгъ, къэнэжьыгъэр нэмыкI организацием ыгъэцэкIэжьыщтыгъ. Егупшысэхи, а IофшIакIэм текIыжьыгъэн фаеу рахъухьагъ. КъагурыIуагъ лъапсэм щегъэжьагъэу псэуалъэр зэрэпсаоу бгъэуцуныр нахь федэу зэрэщытыр. Ау хэбзэ шапхъэхэм уакъыпкъырыкIызэ, джыри зы лъэныкъо къыдэлъытэгъэн фаеу щытыгъ. «КъызэрыкIом тегъэпсыкIыгъэу хэбзэIахьхэр тыгъэнхэр» ыIоу шIыкIэ щыI. Уиорганизацие мыинмэ, а шIыкIэм тетэу хэбзэIахьхэр птынхэр нахь фед. Ау а шIыкIэм утехьан зыплъэкIыщтыр мылъкумкIэ илъэсым оборотэу уиIэр сомэ миллион 60-м шIомыкIы зыхъукIэ ары ныIэп. А лъэныкъори, нэмыкIхэри къыдалъытэхи, ООО-у «Новое строительство» зыфиIорэм готхэу Iоф зышIэщт нэмыкI обществитIуи зэхащэн фаеу хъугъэ. Зым «ОксигенкIэ», ятIонэрэм «Новый стилькIэ» яджагъэх.

«Оксигеныр» зэхэщэгъэн фаеу зыкIэхъугъэми къэбар шъхьаф пылъ. А лъэхъаным Мыекъуапэ Iоф щишIэщтыгъ Краснодар дэт кислородышI заводым иучасткэ. Ащ ипродукцие афикъущтыгъэп, баллон зырызтIурытIоу псынкIэу зэбгыращыщтыгъ. Рахъухьагъ ежьхэми кислородыр къэзышIыщт завод цIыкIу агъэпсынэу. Трестэу «Адыгпромстроим» инженер шъхьаIэу Iутыгъ Вячеслав Даниленкэр. Москва къаритырэ IэпыIэгъур къызыфагъэфедэзэ, бгъуитIум зэдыряе завод агъэпсынэу рахъухьагъ ыкIи къадэхъугъ. Ау, апэрэмкIэ ежьхэр зэрэщымыгугъыгъэхэу къычIэкIыгъ, продукциер икъоу IуагъэкIын алъэкIыщтыгъэп, Краснодар иорганизацие нахьыбэрэ зэрэщыщафэхэрэр зэхашIэгъагъ. БэдзэршIыпIэм къитэджэгъэ зэнэкъокъум къытыгъэ къиныгъохэм арапэсыщтым егупшысэхи, хэкIыпIэ къагъотыгъ. Уасэр инэу къырагъэIыхи, федэ гори къамыхьыжьэу мэзэ заулэ Iоф зашIэм янэкъокъогъу организацие иIофхэр истыхьаным нэсыгъэх, IофшIапIэр зэфишIыжьи, Мыекъуапэ дэкIыжьыгъ.

— Джы тэры закъу пIоми хъущт, — хегъэунэфыкIы Хъ. Мыгум, — Мыекъуапэ дэт организациехэм ящыкIэгъэщт кислородыр афэзытIупщырэ IофшIапIэу къалэм дэтыр. ЗэкIэ сымэджэщхэм, предприятие ыкIи организацие зэфэшъхьафхэм ящыкIэгъэщтым фэдиз кислород къэтэгъэхьазыры. ООО-у «Оксигеныр» кислородыр къэшIыгъэным зэрэпылъым имызакъоу, Краснодар краим етIупщыгъэу псэолъэшIыным щыпылъ, тигъунэгъу къалэхэм зычIэсыщтхэ унэхэр ащешIых.

## УнэшIыным зырагъэушъомбгъузэ

ООО-у «Новое строительство» зыфиIорэм ыкIи ащ къешIэкIыгъэ адрэ обществитIоу зыцIэ къетIуагъэхэм пшъэрылъ шъхьаIэу зыфагъэуцужьырэр унэшIыным чанэу хэлэжьэгъэныр, тендерхэм ахэлажьэхэзэ заказхэр къыдэхыгъэнхэр ары. Непэ ащ тетэу яIофшIэн зэхэщагъэ. Ау апэрэ илъэсхэр ащ фэдагъэхэп. ЗычIэсыхэрэ унэхэр шIыгъэнхэм зыфежьэхэм апэу агъэпсыгъагъ Мыекъуапэ иурамэу я 12-рэ Гъэтхапэм ыцIэ зыхьырэм квартири 8 хъоу ыкIи апэрэ этажым офисхэр чIэбгъэуцонхэ плъэкIынэу унэ зэтегъэпсыхьагъэ щашIи ащэгъагъ. Джащ тетэу яIофшIэн лъагъэкIуатэзэ, илъэс зэкIэлъыкIохэм Мыекъуапэ, Белореченскэм, Апшеронскэм унабэ ащашIыгъ. Урамэу Юннатовым хьафизэхэм яобществэ зычIэсыхэрэ унэу щыригъэжьагъэр афэмыухыжьы хъуи, ООО-у «Новое строительство» зыфиIорэм ыухыжьыгъ, ащ



20 зэрэхъурэм ипэгъокI

# пытэу хэуцуагъэх

щыщ Iахьэу къатефагъэр ащагъ. Краснодар краим федеральнэ программэу «Жъы хъугъэ ыкIи зэхэтэкъоным нэсыгъэ унэхэм ащыпсэухэрэм зычIэсыщтхэр ягъэгъотыгъэнхэр» зыфиIорэм тегъэпсыкIыгъэ тендерэу зэхищагъэм текIоныгъэр къыщыдахи, къалэу Апшеронскэм уни 6 щырыщэу зэтетхэу ыкIи чIэхьапIэ щырыщ яIэу чырбыщым хэшIыкIыгъэхэу щашIыгъэх, атыгъэх. Ахэр фэтэри 189-рэ мэхъух. Къалэу Апшеронскэм ыкIи ащ пэмычыжьэу щыт поселкэу Нефтегорскэ ащыпсэухэрэр ахэм ачIэхьажьыгъэх. А программэм ухэлэжьэным шэпхъэ гъэнэфагъэ зэрэпылъыр Хъызыр къытфиIотагъ. Зэзэгъыныгъэ къызыбдашIыкIэ уимылъкукIэ псэуалъэм ипроцент 70-рэ фэдизыр ошIы, ащ ыуж ахъщэр къыпфызэкIагъэкIожьы. Къэнэгъэ процент 30-р зыуххкIэ ыкIи псэуалъэр зыптыкIэ адрэ ахъщэр къыуатыжьы. Джащ фэдэу тигъунэгъу къалэу Белореченскэм иадминистрацие ипащэ зэзэгъыныгъэ дашIи, чIыгу Iахьэу къаритыгъэм унитIу щашIыгъ. Зыр фэтэр 55-рэ, ятIонэрэр — 40 мэхъух. Ахэм ащыпсэухэрэм ящыкIэгъэ товархэм апае чыжьэу мыкIонхэу гъэпсыгъэным фэшI, а чIыпIэм тучан щашIыгъ. Ащ гъомылапхъэхэри промышленнэ товархэри щащэх. Унэхэр къэлэ администрацием дэгъоу ыщэнхэ ылъэкIыгъ, псэолъэшI организацием имылъку Iахьи къыIукIэжьыгъ. Поселкэу Краснооктябрьскэм гъэрекIо Адыгэ Республикэм и МВД икъулыкъушIэхэм апае унитIу квартирэ 18 зырыз хъухэу щатыгъ. Ащ ыпаIокIэ, а министерствэм пае Мыекъуапэ икъохьэпIэ лъэныкъокIэ щыIэ псэупIэм бгъоу зэтет унэшхо фэтэри 144-рэ хъоу щишIыгъ, ытыгъ, бэшIагъэ унагъохэр зычIэхьажьыгъэхэр.

Мы лъэхъаным къалэу Белореченскэм зыкъигъэзэжьыгъэу, ООО-у «Оксиген» зыфиIорэм фэтэр 59-рэ хъурэ унэ чырбыщым хэшIыкIыгъэу щешIы. АКБ-у «Мыекъопэбанкым» зэфыщытыкIэшIу къадыриI, чIыфэхэр нахь пытэу къаретых ыкIи ар ягъусэгъэшIоу мы унэри агъэпсыщт.

— Тендерым тыхэлажьи, Апшеронскэм джыри чIыгу Iахь къащыIытхыгъ, щэу зэтетэу, чIэхьэпIэ щырыщ яIэу джыри ащ унищ фэдиз щытшIыным тыщэгугъы, — лъегъэкIуатэ Хъызыр къытфиIуатэхэрэр. — Iоныгъом икъихьагъухэм адэжь апэрэ унэм ылъапсэ игъэтIылъын тыфежьэным тыщэгугъы. ГъэрекIо Адыгэ Республикэм и МВД зэхищэгъэ тендерым тыхэлажьи, фэтэр 72-рэ хъурэ унэ шIыгъэным текIоныгъэр къыщыдэтхыгъ. ЗэкIэмкIи ащ проект уасэу иIэр сомэ миллиони 152-рэ. ООО-у «Новый стиль» зыфиIорэм унэр ешIы. Планэу къытфагъэуцугъэм къызэрэдилъытэрэмкIэ, къэкIощт илъэсым тимыкIэу ар ттын фае.



## Производствэ кIуачIэхэм ахагъахъо

Зигугъу къэтшIырэ организацием ипащэ къызэрэтфиIотагъэмкIэ, илъэс зэкIэлъыкIохэм зипэщэ организацием производствэ кIуачIэу иIэхэм ренэу ахигъахъощтыгъ. КъалэжьырэрзэкIэ амышхыжьэу, ыпэкIэ нахь чыжьэу плъэхэзэ техникэ кIуачIэхэм, нэмыкI лъэныкъохэм хэхъоныгъэхэр арагъэшIыщтыгъэ. Производственнэ базитIу яI. Зым конторэр, кислород къэзышIырэ цехыр, складхэр, гъучI пкъыгъохэр зыщызэхагъэжъэхэрэр, гъучIпластикэ шъхьаныгъупчъэхэр къызыщашIырэ цехэу бэмышIэу атыгъэр дэтых. ЯтIонэрэ базэм ятехникэ дэт, раствор къызыщашIырэ чIыпIэ щагъэпсыгъ. ЫпэкIэ паркетрэ пхъэм хэшIыкIыгъэ нэмыкI пкъыгъохэмрэ къызыщашIынхэ агу хэлъ цехэу щагъэпсыгъагъэр дэгъоу зэтырагъэпсыхьажьи, джэгупIэ-зыгъэпсэфыпIэ гупчэу «Шаровняк» зэджагъэхэр къыщызIуахыгъ. СтолипшI чIагъэуцуагъ, шхапIэ хэт, цIыфыбэ ащ къыщызэрэугъои, зыщагъэпсэфы.

Илъэс зэкIэлъыкIохэм псэолъэшIыным епхыгъэ техникэ зэфэшъхьафхэу 22-рэ зэIугъэкIэн алъэкIыгъ, бэмышIэу автомашинэу МАЗ къащэфыгъ. ХьылъэIэт кран кIыхьэшхохэм афэдэу яIэр МВД-м пае ашIырэ унэм Iут. Зы чIыпIэм имыкIэу псэолъэшIыным ищыкIэгъэ хьылъэ пстэури псэолъэшIхэм алъегъэIэсы. Джащ фэдэу къекIокIызэ Iоф зышIэрэ кранэу хьылъэ тонн 25-м нэс зыIэтын зылъэкIыщт ыкIи хьылъэ зы тонным нэс къэзыIэтырэ кранхэри яIэх.

— Пшахъо, мыжъокIэ зэхэлъ зыфэпIощтхэу, нэмыкIхэу хьылъабэ пIэлъэ кIэкIым тищыкIагъэ зыхъукIэ, — еIо Хъызыр, — хьылъэзещэ автопредприятиеу Янэкъо Асхьад зипащэм зыфэтэгъазэ, ар бэшIагъэу ныбджэгъушIоу тиI. Джащ фэдэ гъусэгъушIоу тиIэх фирмэу «Адыгпромстроим» ипащэу ХъутIыжъ Аслъан, заводэу СМиК-м иIэшъхьэтетэу Абрэдж Аскэр, Белореченскэм дэт заводэу ЖБИ-7-м ипащэ, нэмыкIхэр. ПэшIорыгъэшъэу еттын фэе ахъщэр тимыIэгоми, бэ темышIэу уасэхэр зэреттыжьыщтхэр зетIокIэ, Абрэдж Аскэр тыжэ къыдимыгъэкIэу тищыкIэгъэ псэолъапхъэхэр къытфегъэхьазырых, къытфетIупщых. Арышъ, зыцIэ къесIогъэ пстэуми сафэраз, тхьашъуегъэпсэу ясэIо.

ЫпшъэкIэ къызэрэщытIуагъэу, псэолъэшIыным нэшэнакIэу къыхахьэхэрэр къыдалъытэхэзэ, гъучIпластикэ шъхьаныгъупчъэхэр къызщашIырэ цех бэмышIэу атыгъ. Зы сменэм шъхьаныгъупчъэ 40 къышIын ылъэкIыным телъытагъ IэкIыб къэралхэм къащащэфыгъэ оборудованиеу ащ чIагъэуцуагъэм. Ар сомэ миллиони 2,5-кIэ къащэфыгъ. Ежьхэм ашIырэ унэхэм ахэтыщтхэр къызэрашIыхэрэм имызакъоу, нэмыкIхэм язаказхэри афагъэцэкIэнхэ алъэкIы. Хъызыр къызэриIуагъэмкIэ, оборудованиякIэ, техникакIэ къызащэфкIэ ащ ыуасэ щыщ Iахь предпринимательхэм афызэкIагъэкIожьыну зыгъэнэфэрэ программэ щыI. ИщыкIэгъэ тхылъхэр агъэхьазырыхи, Правительствэм лъагъэIэсыгъэх. Къагъэгугъагъэх а Iофым телъытэгъэ субсидиехэр къызаIэкIахьэхэкIэ Iахьынчъэ амышIынхэу.

ПсэолъэшIыныр ащ тетэу зэхэщагъэшъ, субподряд организацие, гущыIэм пае, сантехникхэр, электрикхэр къыхэмыгъэлажьэу объектым еплъыгъэ IофшIэн пстэури зэшIохыгъэуаеу щыт. Ау бэ къыхэкIырэр ори пфэшIышъуцтэу, ау икъоу узэрэфытемыгъэпсыхьагъэм ыпкъ къикIэу зыгорэхэм ябгъэшIынхэ фаеу. Мары, псэуалъэу ашIырэм хагъэуцощт шъхьаныгъупчъэхэм апае подряд организациехэм сомэ миллиони 4,5-рэ аратын фаеу хъугъагъэ. Джы ащ фэдиз ахъщэм щыщ IахьышIу къагъэнэжьын алъэкIы ежьхэм шъхьаныгъупчъэр зэхагъэуцохэу зэраублагъэм ишIуагъэкIэ. Ащ имызакъоу, тендерхэм ахэлажьэх, заказ зыфагъэцэкIэщтхэм алъэхъух.

## IофышIэ коллективыр

ЫпшъэкIэ къызэрэщытIуагъэу, обществищым зэкIэмкIи нэбгыри 120-м ехъу ащэлажьэ. Ахэтых ахэм илъэс тIокIым ехъугъэу Хъызыр Iоф дэзышIэхэрэр. Ахэм ащыщ Александр Масленниковыр — ыпэкIэ бригадирэу Iоф къыдэзышIэщтыгъэр, Михаил Дычко, цехым ипащэу Къудайнэт Юрэ, бухгалтер шъхьаIэу Станислав Наумовыр, ПТО-м ипащэу Елена Оранскаяр, бухгалтерэу КъумпIыл Нэфсэт, лэжьапкIэмкIэ бухгалтерэу Лариса Чагаевар. Адыгэ кIэлэ нэбгырэ пшIыкIутф фэдиз обществищым ащэлажьэ. Ежь ыкъоу Мурат ООО-у «Новый стиль» зыфиIорэм ипащ, ащ дыкIыгъоу джэгупIэ-зыгъэпсэфыпIэ гупчэри зэрещэ. Ащ Кубанскэ мэкъумэщ институтыр къыухыгъ, инженер-псэолъэшI сэнэхьат иI. ЫшнахьыкIэ икIалэу Налбый гъучIпластикэ шъхьаныгъупчъэхэр къызыщашIыхэрэ цехэу агъэпсыгъэм иIэшъхьэтет. Джащ фэдэу ДжэджэхьаблэкIэ икъоджэгъу кIалэу ХьакIэко Мурат механикэу Iут, зэкIэ техникэу агъэлажьэрэм изытет, иIофшIэн зэрэзэхэщагъэм алъэплъэ.

IофышIэ коллективым зэгурыIоныгъэрэ рэхьатныгъэрэ хэлъхэу гъэпсыгъэным, зэкIэри IофшIэным егъэгугъэнхэм апае лэжьапкIэм ибагъэрэ ар ипIалъэм ятыгъэнымрэ мэхьанэу яIэр Хъызыр псэолъэшI отраслэм зыщылэжьэрэ илъэс 36-м къыкIоцI дэгъоу къыгурыIуагъ.

— ЧырбыщзэтелъхьэхэмлэжьапкIэр сомэ мин 20-м нэзыгъэсыхэрэр ахэтых, — еIо Хъызыр. — Краным тесым имэзэ лэжьапкIэ мин 20-м къыщыкIэрэп, механизмэхэм Iоф языгъашIэхэрэм мин 18 къагъахъэ. Республикэм гурыт лэжьапкIэу илъым къыщымыкIэу тиIофышIэхэм ятэты. ТиIофшIапIэ зызэхэтщагъэр илъэс 20 зэрэхъугъэр непэ хэтэгъэунэфыкIышъ, зэкIэ сиIофышIэгъухэм сызэрафэразэр ясэIо, мэфэкIымкIэ сигуапэу сафэгушIо. Юнагъохэм хъяр арылъынэу, ящыIэкIэ амалхэм ренэу ахэхъонэу, мамырныгъэ щыIэкIэ дахэ яIэу илъэсыбэрэ тызэдэлэжьэнэу афэсэIо. ЗэкIэ тиIофышIэхэм дисциплинэ дэгъу ахэлъ. Мыр анахь дэгъу модрэр анахь дэй пIон умылъэкIынэу зэкIэри IофшIэным егугъух. Аныбжь илъэс 55-м зынэскIэ пенсием агъакIохэрэр псэолъэшIхэм ахэтых. Ащ екIолIагъэхэри къытхэтых, ау ащ емылъытыгъэу яIофшIэн лъагъэкIуатэшъ, хэушъхьафыкIыгъэу ахэм ясIо сшIоигъу лъэшэу сызэрафэразэр.

*СЭХЪУТЭ Нурбый.*



# Тыркуем щыпсэурэ адыгэхэм яIэпыIэгъу

Тыркуем и Адыгэ Хасэ хэтэу, Анкара щыщ предпринимателэу Хьагъундэкъо Яшар Адыгеим и ЛIышъхьэ ипшъэрылъхэр зыгъэцакIэу КъумпIыл Мурат зыIокIэм Тыркуем щыпсэурэ тилъэпкъэгъухэр Адыгеим псыр къызыщеум зэрар зэрихыгъэхэм Iэпы-Iэгъу зэрафэхъущтхэр фиIотагъ. Адыгэ Республикэм культурэмкIэ иминистрэу Чэмышъо Гъазыйи мы зэIукIэм хэлэжьагъ.

Дунэе зэпхыныгъэхэм зягъэушъомбгъугъэным тегъэпсыхьэгъэ политикэу Урысые Федерацием и Президентэу Дмитрий Медведевым зэрихьэрэм ишIуагъэкIэ мы аужырэ илъэсхэм Урысыемрэ Тыркуемрэ язэфыщытыкIэхэр нахь пытагъэх. Тыркуем исатыушIхэр, ащ икъэлэшхохэм ямэрхэр, адыгэ организациехэм япащэхэр бэрэ Адыгеим хьакIэу къэкIох. Тиреспубликэ ипсэупIабэхэм псыр къазыкIэо лъэхъаным Тыркуем и Адыгэ Хасэ итхьаматэу Джихьан Джандэмыррэ мы Хасэм хэтэу Хьагъундэкъо Яшаррэ тадэжь къэкIогъагъэх. Тарихъ чIыгужъым щыпсэурэ ялъэпкъэгъухэм тхьамыкIагъо къызэряхъулIагъэр ахэм нэрылъэгъу афэхъугъ ыкIи Тыркуем загъэзэжьым псым зэрар зэрихыгъэхэм апае мылъку аугъоеу рагъэжьагъ. Нэбгырэ минипшI заулэмэ яхьатыр IэпыIэгъу ишIуагъэкIэ Тыркуем и Адыгэ Хасэ доллар мин 30 ыугъоигъ.

Хьагъундэкъо Яшар КъумпIыл Мурат къызэрэфиIотагъэмкIэ, ахэм мылъкоу аугъоигъэр псым зэрар зэрихыгъэхэм яфонд агъэкIощт. Социальнэ учреждениехэр зыпкъ игъэуцожьыгъэнхэм тегъэпсыхьэгъэ IофшIэнхэм а мылъкур апэIуагъахьэ зэрэшIоигъор ащ къыIуагъ.

Адыгеим лъэпкъ орэдхэмкIэ и Къэралыгъо ансамблэу «Ислъамыем» Анкара концертэу къыщитыгъэм зэригъэрэзагъэхэр джащ фэдэу Хьагъундэкъо Яшар хигъэунэфыкIыгъ «Зыми хэмыкIокIэрэ мы творческэ коллектив шIагъор Тыркуем лъэшэу щырякIас, — къыIуагъ ащ. — Адыгэхэм гушъхьэлэжьыгъэ байныгъэшхо зэряIэм ар итамыгъэу щыт».

Тиреспубликэ иапшъэрэ еджапIэхэм IэкIыб къэралыгъохэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм къахэкIыгъэхэр ащегъэджэгъэнхэм иIофыгъуи джащ фэдэу мыщ щытегущыIагъэх. IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ нэбгырэ 50-мэ мыгъэ Адыгэ къэралыгъо университетым, нэбгырэ 20-мэ Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым щеджэнхэу аублэщт. Адыгэ Республикэмрэ Федеральнэ агентствэу «Россотрудничество» зыфиIорэмрэ зэдашIыгъэ зэзэгъыныгъэм ар къыкIэкIуагъ. Зигугъу къэтшIыгъэ зэзэгъыныгъэм ишIуагъэкIэ лъэныкъо зэфэшъхьафхэм: культурэм, экономикэм, гъэсэныгъэм алъэныкъокIэ IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм зэпхыныгъэу адытиIэр нахь дгъэпытэн тлъэкIыщт.

IэкIыб къэралыгъохэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыгабзэр арагъэшIэнымкIэ Iофыгъоу къэуцухэрэми джащ фэдэу КъумпIыл Муратрэ Хьагъундэкъо Яшаррэ атегущыIагъэх.

— Тилъэпкъэгъухэу IэкIыб хэгъэгухэм ащыпсэурэмэ азыныкъо нахьыбэмэ яныдэлъфыбзэ, ятарихъ, якультурэ кIэн зэрагъашIэ ашIоигъу. АщкIэ тэ ахэм тадеIэщт. IэкIыб къэралхэм арыс адыгэхэм яныдэлъфыбзэ зэрагъэшIэным тегъэпсыхьэгъэ методическэ IэпыIэгъухэмрэ учебникхэмрэ якъэгъэхьазырынкIэ гуманитар ушэтынхэм апылъ Адыгэ республикэ институтым Iофышхо ешIэ, — хигъэунэфыкIыгъ КъумпIыл Мурат.

Адыгабзэр къызэтегъэнэжьыгъэным иIофыгъокIэ конференциеу шэкIогъум Иорданием щыкIощтым Адыгеим испециалистхэр хэлэжьэнхэмкIэ республикэм иIэшъхьэтетхэм афэлъэкIыщтыр зэкIэ зэрашIэщтыр Адыгеим и ЛIышъхьэ ипшъэрылъхэр зыгъэцакIэрэм къыIуагъ.

**Адыгэ Республикэм**
**и ЛIышъхьэ ипресс-къулыкъу**

## Районищмэ ащаухыгъ

Адыгеим мэкъу-мэщымкIэ и Министерствэ къызэритыгъэмкIэ, Красногвардейскэ, Теуцожь ыкIи Тэхъутэмыкъое районхэм республикэмкIэ апэрэхэу хьэмрэ коцымрэ яIухыжьын ащаухыгъ. Ахэм гектар телъытэу бжыхьасэхэм центнер пчъагъэу къащырахыгъэр: Красногвардейскэр — 48,6-рэ, Теуцожьыр — 34,9-рэ, Тэхъутэмыкъуаер — 24,3-рэ.

Бжыхьэ коцым иIухыжьыни республикэм гъунэм щынагъэсыгъ. Ащ фэдэ лэжьыгъэу къагъэкIыгъэ гектар мин 80,7-м ехъум щыщэу тыгъуасэ ехъулIэу процент 96-рэ Iуахыжьыгъ, пстэумкIи коцэу аугъоижьын фаеу къафэнагъэр гектар мини 3 Iэпэ-цып ныIэп. Коцэу Iуахыжьыгъэ гектар пэпчъ центнер 42,4-рэ къырахыгъ.

Республикэм ирайонхэм яIэгъэ коцым ипроцент пчъагъэу ащыIухыжьыгъэр ыкIи гектар телъытэу центнер пчъагъэу къащахьыжьыгъэр: Красногвардейскэр — 100,49,2-рэ, Шэуджэныр — 92-рэ, 46,3-рэ, Джаджэр — 98-рэ, 45-рэ, Кощхьаблэр — 94-рэ, 41,5-рэ, Теуцожьыр — 100, 36,7-рэ, Мыекъуапэр — 94-рэ, 26,2-рэ, Тэхъутэмыкъуаер — 100, 24,4-рэ, къалэу Мыекъуапэ къепхыгъэхэр — 95-рэ, 27,3-рэ.

Лэжьыгъэр зэрэIуахыжьырэм дакIоу хыпкъхэр гъэушъэбыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ IофшIэныри республикэм щызэшIуахы. Тыгъуасэ ехъулIэу хыпкъ гектар мин 36-м фэдизмэ чIыгу шъхьашъор ащытырагъэушъэбыкIыгъ.

Бжыхьасэхэр зыщапхыщтхэ чIыгум игъэхьазырыни мафэ къэс нахь зеушъомбгъу. Тыгъуасэ ехъулIэу пстэумкIи чIыгоу ажъуагъэр хьазырэу гектар мини 5-м лъыкIэхьагъ.

***ЛIЭХЪУСЭЖЪ Хьаджэрэтбый.***

## Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм

Гъэсэныгъэм ылъэныкъокIэ гъэхъагъэу иIэхэм, къыткIэхъухьэхэрэм япIунрэ ягъэджэнрэ иIахьышIу зэрахишIыхьэрэм, уахътэм диштэрэ творческэ екIолIакIэ иIоф зэрэфыриIэм, лъэпкъ хабзэхэм къафэгъэзэжьыгъэным зэрэдэлажьэрэм афэшI Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ фагъэшъошагъ **Шымыгъэхъу Зурет Рэмэзанэ ыпхъум,** къалэу Мыекъуапэ дэт МОУ-у «Гурыт еджапIэу N 30-р» зыфиIорэм адыгабзэмрэ литературэмрэкIэ икIэлэегъаджэ.

Илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу Iоф зэришIэрэм, потребительскэ кооперацием ихэхъоныгъэ иIахьышхо зэрэхишIыхьэрэм афэшI Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ фагъэшъошагъ **Стреблянский Александр Иван ыкъом,** потребитель обществэу хьалыгъугъэжъэ заводэу «Джаджэм» и Совет итхьаматэ.

* * *

Илъэсыбэ хъугъэу шIуагъэ къытэу гъэсэныгъэм ылъэныкъокIэ Iоф зэришIэрэм, егъэджэн-пIуныгъэ Iофтхьабзэхэм язэхэщэн гъэхъагъэу щишIыгъэхэм апае Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ фагъэшъошагъ **Тхьаркъохъо Сэфэр Шумафэ ыкъом,** Красногвардейскэ районымкIэ селоу Большесидоровскэм дэт МОУ-у «Гурыт еджапIэу N 8-р» зыфиIорэм идиректор.

Илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу Iоф зэришIэрэм, цIыф жъугъэхэм ягъэшхэн нахьышIоу зэхэщэгъэным ышъхьэкIэ иIахь зэрэхишIыхьэрэм апае Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ фагъэшъошагъ **Михайлова Светланэ Кириак ыпхъум,** унэе предпринимателым.

# ТиныбжьыкIэхэр къэтэжъугъэухъумэх

Бэдзэогъум и 27-м Адыгэкъалэ цIыф зэхэхьэшхо щыIагъ. Ар зыфэгъэхьыгъагъэр Очэпщые щыщ кIэлэкIищ, ащ ыуж Шэуджэн районым нысэщэ джэгум хэтыгъэхэу джащ фэдиз машинэ зэутэкIхэм зэращыхэкIодагъэр, а тхьамыкIагъохэм гъунэ афэшIыгъэным, тигъогухэр щынэгъончъэу гъэпсыгъэнхэм, тиныбжьыкIэхэм автомашинэхэм язефэнкIэ шапхъэу щыIэхэр зэрифэшъуашэм тетэу агъэцэкIэнхэм афэшI ГИБДД-м иIофышIэхэм, ны-тыхэм, гъэцэкIэкIо органхэм, депутатхэм, кIэлэегъаджэхэм, нахьыжъхэм амалэу зехьэгъэн фаехэр рахъухьанхэр ары.

Къэлэ администрацием, полицием, прокуратурэм, къулыкъушIапIэхэм яIофышIэхэр, депутатхэр, цIыфхэм язещэн фэгъэзэгъэ предприятиехэмрэ общественнэ организациехэмрэ ялIыкIохэр, нахьыжъхэр, ныбжьыкIэхэр зыхэлэжьэгъэхэ зэIукIэр зэрищагъ къалэм имэрэу Хьатэгъу Налбый. Ащ ыпшъэкIэ зигугъу къэтшIыгъэ тхьамыкIэгъошхохэу Очэпщыерэ Шэуджэн районымрэ къащыхъугъэхэм республикэм щыпсэурэ цIыф пстэури зэрэзэридзагъэхэм, ащ фэшI Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ ипшъэрылъхэр зыгъэцэкIэрэ КъумпIыл Мурат къышIыгъэ джэпсалъэм ипэгъокIэу ежьхэм зэрахьащт Iофыгъохэм яусэнхэ зэрэфаем афэгъэхьыгъэ псэлъэ кIэкI къызешI нэуж гущыIэр ритыгъ Адыгэкъалэрэ Теуцожь районымрэ я ОВД ипащэу Ахэджэго Руслъан.

— Тызхэт илъэсым имэзих Адыгэкъалэ игъогухэм машинэ зэутэкIэу тфы атехъухьагъ, зы нэбгырэ хэкIодагъ, нэбгырэ 11-мэ шъобжхэр атещагъэ хъугъэ,— къыщиIуагъ ащ идоклад. — Ар къызыхэкIыгъэр псынкIэу зэрэзекIохэрэр, рулым ешъуагъэхэу зэрэкIэрытIысхьэхэрэр, гъогурыкIоным ишапхъэхэр зэраукъохэрэр ары. Ащ ишыхьат а уахътэм къыкIоцI республикэм и ГИБДД иIофышIэхэм нэбгырэ 10924-рэ зэрагъэпщынагъэр. Ахэм ащыщхэу рулым ешъуагъэу кIэрысыгъэхэр 280-рэ, автомашинэр зэрэзэрифэщтымкIэ тхылъыр зымыIыгъыгъэхэр 75-рэ, транспортыр лъэшыщэу зезыфэхэрэр 5233-рэ, имыгъогу техьагъэхэр 730-рэ. Мировой судым материалхэр фагъэхьыхи, нэбгырэ 627-мэ транспортыр зэрафэн фимытэу ашIыгъ, ятхылъхэри аIахыгъэх.

Ахэджэго Руслъан къызэриIуагъэмкIэ, тигъогухэм язытети уигъэрэзэнэу щытэп. Ахэм узэрарыкIощт шапхъэхэр къэзыгъэлъэгъорэ тамыгъи 128-рэ атетэп. НэмыкI щыкIагъэхэри яIэх.

Къалэм имэрэу Хьатэгъу Налбый гущыIэр зештэм щысэхэр къыхыхэзэ гъогурыкIонымкIэ шапхъэхэр зэраукъохэрэм, ГИБДД-м иIофышIэхэм япшъэрылъхэр икъу фэдизэу зэрамыгъэцакIэрэм, фэшъхьафхэм афэгъэхьыгъэу къыIуагъэр бэ.

Ащ зигугъу къышIыгъэхэм ащыщхэм шъуащыдгъэгъозэн. Чэщырэ автомашини 10 — 12 къалэм иурам шъхьаIэ къыщызэдэчъэх, нэф ошъыфэ цIыфхэр агъэрэхьатхэрэп, радиом, магнитофоным лъэшэу къарагъаIо. Ащ фэдэ тхьаусыхэхэр къызызнэсхэм республикэм и ГИБДД ипащэхэм сялъэIуи (тэтыехэм ар алъэгъурэп ыкIи зэхахырэп, зым иIахьыл, адрэм деджагъ, ящэнэрэм иныбджэгъу) яIофышIэхэр къагъакIохэ сшIыгъэ. Ары шъхьае ахэр къызщыкIощтхэр зэрагъашIэшъ, телефонкIэ зэфытеожьхэшъ, а чэщым зы бзэджашIи къэхъыерэп, Адыгэкъали, Хьалъэкъуайи, Псэкъупси ащырэхьат. Сымэджэщым къэхъугъэкIэ сабыир къычIащыжьынэу зыкIохэкIэ щэох, быpсырышхо IуашIыхьэ. ГИБДД-м иIофышIэхэм япшъэрылъхэм ягъэцэкIэн тэрэзэу зэхамыщэ хъущтэп. Джащ фэдэх къалэм иучастковэ полицейскэхэми зи зэхахырэп ыкIи алъэгъурэп. ЦIыфхэр зезыщэхэрэ маршруткэхэм арыс шоферхэм медосмотрэр акIурэп, путевкэ аIыгъэп, хьакъулахьыр тэрэзэу атырэп. А щыкIагъэхэр дэгъэзыжьыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ амалхэр зетхьащтых. Тыдэ щыIэха ны-тыхэу чэщырэ зикIалэхэр бзаджэхэу, ешъохэу урамхэм атетхэу, ядэжь нэфшъагъом ихьажьхэу мэфэ реным чъыехэрэр? Зэ тыкъэжъугъэущ, тикIалэхэр къэтэжъугъэухъумэх. Къэхалъэхэм узадахьэкIэ, машинэ зэутэкIхэм ахэкIодэгъэ кIалэхэм ясаугъэтхэу адэтхэм гур агъэузы. Игъо хъугъэ зыкъэтшIэжьынышъ, тикIалэхэр тымыгъэунэхъухэу, тэри бэлахьэ зыхэтымыдзэжьэу ахэр гъогу тэрэз тедгъэуцонхэм.

Къалэм иветеранхэм ясовет итхьаматэу Джэндэрэ Мосэ гущыIэр зыратым зытегущыIэхэрэр Iофыгъошхоу зэрэщытыр, автомашинэхэм глушительхэр апыхыгъэу къалэм чэщырэ къызэрэщачъыхьэрэр, укIыти хьайнапи ямыIэу, хэти игумэкI къырамыдзэу урамхэм зэращыбзаджэхэрэр къыIуагъэх.

— ТхьамыкIагъор а бзэджашIэхэр полицейскэхэми, ти ГИБДД иIофышIэхэми зэрамылъэгъухэрэр ары, — ыIуагъ ащ. — Полицием иучастковэ инспекторхэр зыпылъхэри къэшIэгъуае. Сэ сшъхьэкIэ инспекторэу къытфэгъэзагъэр зэ нэмыIэми слъэгъугъэп. Тызэготэу тызэдеIэжьзэ тызэдэлэжьэн фае. Ащ тэ тыфэхьазыр.

Джащ фэдэу гумэкIыгъошхом хэтхэу, къяхъулIэрэм ымыгъэразэхэу къалэм чэщырэ рэхьатныгъэ дэлъыным, бзэджашIэхэм пхъашэу апэуцужьыгъэным, гъогухэм тиныбжьыкIэхэр зэратекIуадэхэрэм гъунэ фэшIыгъэным афэшI зэшIохыгъэн фэе Iофыгъохэм ягугъу къашIыгъ заомрэ IофшIэнымрэ яветеранэу Чэтыжъ Исмахьилэ, ефэндэу Къэдэ Хъызыр, Адыгэ Республикэм и Парламент идепутатэу Джанхъот Аслъан, къалэм гъэсэныгъэмкIэ игъэIорышIапIэ ипащэу ТхьалI Махьмудэ, нэмыкIхэми.

ЗэIукIэм щызэдаштагъ зигугъу къэтшIыгъэ щыкIагъэхэр дэгъэзыжьыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ Iофыгъохэр план гъэнэфагъэм тетэу зэрахьанхэу. Полицием, ГИБДД-м яIофшIакIэ зэбларагъэхъущт, цIыфхэм нахьыбэрэ ахахьэзэ ашIыщт, общественнэ организациехэм зэпхыныгъэ адыряIэщт, бзэджашIэхэр зэрагъэшIэщтых, рейдхэр зэхащэзэ ашIыщт, гъогухэм атекIодэрэ ныбжьыкIэхэр нахь макIэ шIыгъэнхэм е ащ фэдэ тимыIэхэным афэгъэхьыгъэ Iофыгъохэр зэрахьащтых.

***НЭХЭЕ Рэмэзан.***

Къунчыкъохьаблэхэу Мыекъуапэ щыпсэухэрэм яобществэу «Гугъэм» хэтхэр Урысые Федерацием иавтомобиль транспорт иIофышIэ гъэшIуагъэу, Адыгэ Республикэм иавтомобиль транспорт изаслуженнэ IофышIэу, обществэу «Гугъэм» иIофшIэн гъэлъэшыгъэным зиIахьышIу хэзышIыхьэщтыгъэу Пэнэшъу Аскэр Къадырбэч ыкъом идунай зэрихъожьыгъэр гухэкIышхо ащыхъоу игупсэхэм, иIахьылхэм афэтхьаусыхэх.

Къунчыкъохьаблэхэм, Мыекъопэ автотранспорт техникумым иеджакIохэм, нэужым МГТУ-м иполитехническэ колледж щыригъэджагъэхэм, илъэсыбэрэ Iоф зыдишIагъэхэм, иныбджэгъухэм Аскэр ицIыфыгъэ дахэрэ ибэрэчэтныгъэрэ бэрэ агу илъыщт.

**Къунчыкъохьаблэхэм яобществэу «Гугъэм» игъэцэкIэкIо комитет**

ДЗЮДО. КЪЫБЛЭ ШЪОЛЪЫРЫМ ИЗЭНЭКЪОКЪУ

# Татарстан щыбэнэщтхэр къыхахыгъэх

**Урысыем и Къыблэ шъолъыр дзюдомкlэ изэнэкъокъу Адыгэ къэралыгъо университетым щыкlуагъ. Физкультурэмрэ дзюдомрэкlэ институтым щызэlукlэхи, бэдзэогъум и 30 — 31-м хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри апэрэ чlыпlэхэм афэбэнагъэх.**



Яонтэгъугъэхэм ялъытыгъэу хъулъфыгъэхэр купи 8 хъухэу алырэгъум щызэнэкъокъугъэх. Адыгэ Республикэм испортсменхэм апэрэ чlыпlэу 4 къыдахыгъ. Ордэн Андзаур, кг 66-рэ, Шъэоцlыкlу Рустам, кг 73-рэ, Шъэоцlыкlу Айдэмыр, кг 81-рэ, Мэлыщэ Ахьмэд, онтэгъугъэ зэфэшъхьаф зиlэмэ якуп. ЗэкIэми Къыблэ шъолъырым идышъэ медальхэр къафагъэшъошагъэх.



ФиIапшъэ Астемир, кг 66-рэ, Хьакурынэ Хьазрэт, кг 100, Джармэкъо Азмэт, кг 100-м къехъу, Хъущт Азэматрэ Еуазэ Асхьадрэ, онтэгъугъэ зэфэшъхьаф зиIэхэр, ящэнэрэ хъугъэх. Тимур Бучукури, кг 100-м къехъу, Хьаджэмурат Дацырхоев, онтэгъугъэ зэфэшъхьаф зиIэмэ якуп, ятIонэрэ чIыпIэхэр къыдахыгъэх.

Бзылъфыгъэхэм язэнэкъокъу хэлэжьагъэр нахь макI. Адыгэ къэралыгъо университетым физкультурэмрэ дзюдомрэкIэ иинститут щеджэрэ Елена Ткаченкэм, кг 48-рэ, дышъэ медалыр къыфагъэшъошагъ. Анна Шимон кг 78-м къехъу къззыщэчыхэрэм ыкIи онтэгъугъэ зэфэшъхьаф зиIэмэ якупхэм ятIонэрэ чIыпIэхэр къащихьыгъэх.

Дахэу, гъэшIэгъонэу бэнагъэх Ордэн Андзаур, Шъэоцlыкlу зэшыхэу Рустамрэ Айдэмыррэ. Апэрэ чIыпIэм икъыдэхын фэгъэхьыгъэ зэIукIэгъур Елена Ткаченкэм къехьынныр лъэшэу къехьылъэкIыгъ. Аужырэ нэгъэупIэпIэгъум зэбэнырэ пшъашъэр ыкIыбкIэ алырэгъум тыридзагъ.

Тренерхэу Кобл Якъубэ, Беданэкъо Рэмэзан, Нэджыкъо Руслъан, Акъуцщэ Мыхьамодэ, Хьабый Байзэт, Бэстэ Сэлымэ, Джон Липаридзе, Хьэшхъуанэкъо Айвар, Игорь Вержбицкэм, Адзынэ Алый, Нэпсэу Байзэт, Мырзэ Теймураз, нэмыкIхэм агъасэхэрэм хагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр къыдахыгъэх.

## Зэфэхьысыжь кIэкI

— 2011-рэ илъэсым IофшIагъэу тиIэр зэфэтэхьысыжьы, — еIо СССР-м изаслуженнэ тренерэу, Урысыем и Къыблэ шъолъыр дзюдомкIэ ифедерацие ипрезидентэу Кобл Якъубэ. — Зэнэкъокъу шъхьаIэр Казань шышъхьэIу мазэм щыкIощтми, Мыекъуапэ щызэхэтщэгъэ зэIукIэгъухэм мэхьэнэ ин ятэты.

**— Татарстан кIощт бэнакIохэр Мыекъуапэ къыщынэфагъэх. Спортсменхэм яухьазырынигъэ уегъэраза?**

— ЯIэпэIэсэныгъэ хагъахъо, ныбжьыкIэмэ узыщытхъун плъэкIыщтхэр къахэкIыщтхэу сэгугъэ. Къыблэ шъолъырым имызакъоу, Урысыем ыцIэкIэ зэнэкъокъу инхэм ахэлэжьэнхэ алъэкIыщт. МэфитIум къыкIоцI тызэплъыгъэ зэIукIэгъумэ ащыщхэр Урысыем, Европэм якIэух зэнэкъокъухэм афэдгъэдагъэх. АщкIэ къыхэзгъэщырэр бэкIэ тызыщыгугъырэ бэнакIохэр зэрэтиIэхэр ары.

**— БэнакIохэр бэ мэхъухэми, анахьэу унаIэ зытеудзагъэхэр къытаIохэба.**

— Килограмм 60, 66-рэ къззыщэчыхэрэр анахь лъэшхэм ахэсэлъытэх. Пшъашъэхэр дэеу бэнагъэхэу зыми къымыIоштэу сэлъытэ. Ордэн Андзаур, Елена Ткаченкэм, нэмыкIхэм уащытхъуныр атефэ. ТIуапсэ, Ермэлхьаблэ ябэнакIохэри анахь дэгъухэм ахэсэлъытэх. Урысыем ихэшыпыкIыгъэ командэхэм ахэтых. Аватян Мыекъуапэ къакIозэ иухьазырныгъэ хегъахъо, тибэнэпIэ еджапIэ шIогъэшIэгъон, ТIуапсэ ар щыщ.

**— Мыекъопэ бэнэпIэ еджапIэм иIофхэр нахьышIу мэхъуха?**

— Москва, Санкт-Петербург, Урысыем ишъолъырхэр зызэбгъапшэхэкIэ, Къыблэ шъолъыр ауж къинэрэп. Адыгеим икомандэ апэ итхэм ахэтэп. Пэрыохъу къытфэхъурэмэ ахэслъытэрэр типшъашъэхэу командэм хэтхэр зэрэмакIэхэр ары. Зэнэкъокъум республикэр е хэкур зыхэлажьэкIэ, хъулъфыгъэхэм ямызакъоу, бзылъфыгъэхэр гъэхьазырыгъэу ашIыгъэри зэхэщакIомэ къыдалъытэ.

**— КъызэрэпIорэмкIэ, Iоф зыдэшъушIэн фаер зыдэшъоушIэжьы, пшъэрылъ хэхыгъэхэр шъуиIэх.**

— Урысыем икIэух зэнэкъокъоу Татарстан щыкIощтым Къыблэ шъолъырым икомандэ дэгъоу хэлэжьэнэу тыщэгугъы. Адыгеим ибэнакIохэри тызыщыгугъыхэрэм ащыщых. ЗэкIэ тренерхэм, зэхэщакIомэ сафэраз. Олимпиадэ джэгунхэу 2012-рэ илъэсым Лондон щыкIощтхэм Къыблэ шъолъырым дзюдомкIэ ибэнакIомэ гъэхъагъэхэр щашIынхэ алъэкIыщт.

**— Шъуигухэлъхэр къыжъудэхъунхэу шъуфэсэIо.**

— Тхьауегъэпсэу.

Сурэтхэм арытхэр: **СССР-м изаслуженнэ тренерэу Кобл Якъуб, зэнэкъокъум щызэбэных, Къыблэ шъолъырым ичемпионхэр.**



Физкультурэмрэ псауныгъэмрэ

# Стадионыр илъэс 30 хъугъэ

**Мыекъопэ районым истадион шъхьаIэу Тульскэм дэтыр къызызэIуахыгъэр илъэс 30 зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэ ныбджэгъу ешIэгъу футболымкIэ зэхащагъ. Къалэу Мыекъуапэрэ Мыекъопэ районымрэ футболымкIэ яветеранхэр зэIукIагъэх.**

Къалэу Мыекъуапэ икомандэ хэтыгъэх Михаил Черниченкэр, Артур Вардумян, Александр Белоусовыр, Айтэчыкъо Руслъан, Андрей Мекеровыр, Гостэкъо Хъумэр, Сергей Пастернак, нэмыкIхэри. Мыекъопэ районым икомандэ щешIагъэхэм ащыщых Валерий Картамышевыр, Юрий Фомичевыр, Александр Матусьян, Алексей Филипповыр, Константин Лепехиныр, Шыумэфэ Рэмэзан, Виталий Аксеновыр, фэшъхьафхэри.

ЕшIэгъур 4:4-у аухыгъ. Илъэс зэфэшъхьафхэм мыекъопэ «Зэкъошныгъэм», Тульскэм икомандэ щешIагъэхэр зэIукIагъэх. Европэм самбэмкIэ ичемпионэу Гостэкъо Хъумэр, Мыекъуапэ иадминистрацие ипащэу Михаил Черниченкэр, нэмыкIхэри ягуапэу ныбджэгъу ешIэгъум хэлэжьагъэх, яныбжьыкIэгъур агу къагъэкIыжьызэ, ухьазырныгъэ дэгъу къагъэлъэгъоным пылъыгъэх.

Тульскэм истадион агъэцэкIэжьыгъ, ащ АР-м иIэшъхьэтетхэр чанэу хэлэжьагъэх. Физкультурэмрэ спортымрэ апыщагъэхэр нахьыбэ шIыгъэнхэм, цIыфхэм япсауныгъэ гъэпытэгъэным, ныбжьыкIэхэм пIуныгъэ дэгъу ятыгъэным спорт псэуалъэр фэлэжьэщт.

Футбол.

Адыгэ Республикэм изэнэкъокъу

# ЯтIонэрэ къекIокIыгъор аублэ

**Адыгэ Республикэм и Лlышъхьэ ишlухьафтынхэм якъыдэхын фэгъэхьыгъэ зэнэкъокъум футбол команди 8 хэлажьэ. Шышъхьэlум и 1-м ехъулlэу апэрэ къекlокlыгъор аухыгъ.**

Пэнэжьыкъуаерэ Инэмрэ якомандэхэр зызэдешIэхэм, 2:1-у Инэм щыщхэм текIоныгъэр къыдахыгъ. Мэфэ заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Инэм икомандэ Тыркуем щыIагъ, ныбджэгъу зэIукIэгъухэр иIагъэх.

ЯтIонэрэ къекIокIыгъор шышъхьэIум и 3-м аублэщт. Адыгэкъалэрэ Инэмрэ яфутболистхэр зэдешIэщтых. ШышъхьэIум и 4-м зэIукIэщтхэр: **«Факел» — «Кощхьабл».** ШышъхьэIум и 5-м зэдешIэщтхэр: **«Улап» — «Пэнэжьыкъуай», «Нарт» — «Еджэркъуай».**

*НэкIубгъор зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*

**Зэхэзыщагъэхэр:** Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкIырэр:** Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет
Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаIэр**
**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр**
**АУЛЪЭ Руслъан**

**Редактор шъхьаIэм игуадзэр — пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр**
**ХЪУРМЭ Хъусен**

**ПшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр**
**НЭПШIЭКЪУЙ Заур**

**Редакцием изыдэщыIэр:** 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:** приемнэр: 52-16-79, редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44, редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:** **adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:** Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр **ПИ №10-3892**

**Зыщыхаутырэр** ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр 4306**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 1934**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэр уахътэр Сыхьатыр 18.00